

MIZANGAD POU VWAYAJÈ KI PA SITWAYEN

Egzonerasyon responsabiltè: Se Inite Lwa sou Imigrasyon (Immigration Law Unit) Legal Aid Society an ki kreye mizangad sa a. Mizangad sa a se pa konsèy jiridik e li pa ranplase konsèy yon espesyalis imigrasyon.

Ane apre ane, ajan yo nan Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security, “DHS”) Etazini an mete plizyè milye moun ki pa sitwayen nan pwosedi ranvwa/depòtasyon, souvan apre vwayaj aletranje. Pi ba a w ap jwenn kèk kesyon ak repons ki gen dwa ede ou deside si wi ou non ou kapab kite Etazini epi retounen san sa pa ba ou pwoblèm imigrasyon. Jeneralman, repons la ap depann de ka endividyèl ou a. Si nenpòt nan bagay ki annapre yo vre pou ou, ou dwe chèche konsèy jiridik nan men yon avoka imigrasyon ki gen bon repitasyon ak eksperyans anvan ou fè pwojè kite Etazini.

Mwen se yon rezidan pèmanan legal nan Etazini (mwen gen alyennkat) ki pa t janm nan okenn afè ak fòs de lòd anvan sa. Si mwen vwayaje andeyò Etazini, èske mwen kapab retounen?

WI. Kòm rezidan pèmanan legal ou kapab sòti ak re-antre lib e libè nan Etazini. Pou re-antre, ou dwe montre alyennkat ou (oswa yon “so I-551” ki pa ekspire nan paspò ou si ou poko gen alyennkat ou), ansanm ak yon paspò valid peyi ou oswa nasyonalite ou oswa yon dokiman vwayaj refijye. Depi ou pa rete andeyò Etazini pandan plis pase yon ane, w ap kenbe estati rezidan pèmanan w lan. Men sonje, menm yon vwayaj ki dire plis pase sis mwa pa rekòmande, poutèt l ap koupe rezidans kontini an pou natiralizasyon e sa kapab lakòz yo fè ankèt apwofondi sou ki relasyon ou genyen kounye a avèk Etazini, lè ou retounen. Ou kapab pran mezi pou prezève estati rezidan pèmanan w lan si ou oblije rete andeyò Etazini pandan pi lontan pase yon ane, men ou dwe pran mezi sa yo ANVAN ou kite Etazini. Si ou panse li posib pou vwayaj ou a dire pi lontan pase yon ane (oswa menm pi lontan pase sis mwa sèlman), chèche konsèy jiridik nan men yon avoka imigrasyon ki gen bon repitasyon ak eksperyans anvan ou kite Etazini.

Mwen se yon rezidan pèmanan legal nan Etazini (mwen gen alyennkat) e mwen te annafè ak fòs de lòd anvan sa. Si mwen vwayaje andeyò Etazini, èske mwen kapab retounen?

WI MEN. Dapre akizasyon ki genyen kont ou yo, DHS gen dwa kòmanse pwosedi ranvwa/depòtasyon kont ou si ou vwayaje epi ou chèche retounen si ou gen sèten kondanasyon pou krim. DHS gen dwa mete ou nan prizon imigrasyon pandan l ap eseye ranvwa/depòte ou. Si yo te arete ou, men yo pa t kondane ou, pa bliye vwayaje avèk dokimantasyon ki bay prèv yo te anile akizasyon pou krim yo, tankou yon Sètifika Desizyon. Men sonje, yo gen dwa konkli y ap ranvwa/depòte ou menm pou kondanasyon kote ou te peye amann oswa jwenn libète sou kondisyon, oswa ke yo te siprime. Nan sèten ka, menm san kondanasyon DHS gen dwa di li gen “rezon kwè” ou ta ka inadmisib pou sèten bagay; fòk ou enkyete w de sa sitou si ou te rete andeyò Etazini pandan plis pase 180 jou. Si yo te janm arete ou, ke ou te jwenn kondanasyon ke ou pa t jwenn, chèche konsèy jiridik nan men yon avoka imigrasyon ki gen bon repitasyon ak eksperyans anvan ou kite Etazini.

Mwen nan pwosedi ranvwa (depòtasyon) kounye a. Èske mwen ka vwayaje?

SA DEPANN. Si ou se yon rezidan pèmanan legal (ou gen alyennkat) e ou nan pwosedi ranvwa kounye a nan tribinal imigrasyon, ou ta dwe kapab kite Etazini epi re-antre, a

kondisyon ou gen ni (i) yon paspò valid ki pa ekspire, ni (ii) yon alyennkat ki pa ekspire, oswa yon so I-551 nan paspò ou oswa sou yon kat I-94. Men dapre ka pa w la, yo gen dwa trete ou kòm “etranje ki fèk rive” lè ou retounen, sa ki ta ka gen konsekans sou dwa ou yo. Epitou, dapre ka pa w la, ou ta ka oblije fè prizon lè ou retounen. Anplis de sa, si alyennkat ou ekspire pandan ou andeyò Etazini epi absans ou a dire anpil tan, ou ta ka gen difikilte renouvle li (dapre ka pa w la), sa ki ta ka konplike kapasite ou pou w retounen. Règleman yo kite moun ki gen alyennkat yo fè demann pou yon pèmi pou re-antre, epi kite refijye yo fè demann dokiman vwayaj pou refijye, pou yo vwayaje menm si yo nan mitan pwosedi ranvwa. Men sonje, menm avèk dokiman sa yo, vwayaj aletranje pandan ou nan pwosedi ranvwa kapab konplike. Chèche konsèy jiridik nan men yon avoka imigrasyon ki gen bon repitasyon ak eksperyans si ou nan sitiyasyon sa a.

Mwen gen yon lòd ranvwa (depòtasyon) deja. Èske m ap kapab retounen Etazini si mwen kite?

SA DEPANN. Si yo bay lòd pou yo ranvwaye/depòte ou, lè ou kite Etazini w ap depòte tèt ou. Yo p ap kite ou retounen nan peyi an si ou vwayaje, sòf si ou jwenn yon sèten “egzansyon” alavans, oswa sòf si gen yon sèten kantite tan ki pase lè ou fin kite, e lè sa a w ap fè demann pou yon nouvo viza oswa yon lòt pèmasyon pou retounen. (Dapre rezon ki fè yo te bay lòd pou yo ranvwaye/depòte w lan, ou gen dwa pa ka retounen, menm lè yon sèten tan fin pase.) Si yo te janm voye yon **Avi pou Konparèt** nan tribinal imigrasyon pou ou, li posib pou yo te bay lòd pou ranvwaye/depòte ou. Menm si ou pa t janm parèt nan tribinal la, yo gen dwa te bay lòd pou ranvwaye/depòte ou pandan ou pa t la. Gen anpil moun ki deja gen lòd ranvwa/depòtasyon e ki pa konn sa. Pou konnen si yo bay lòd pou ranvwaye/depòte ou, ou kapab rele liy dirèk otomatik Biwo Administratif Imigrasyon an (Executive Office for Immigration Review) nan 1-800-898-7180. Pa gen danje nan rele. W ap bezwen nimewo alyennkat ou (A-number) pou sèvi ak liy dirèk la.

Mwen te vini Etazini ilegalman oswa mwen te rete pi lontan pase tan viza mwen an te otorize a. Èske m ap kapab retounen Etazini si mwen kite?

SA DEPANN. Si ou te vini nan Etazini legalman men ou rete pi lontan pase sa ki otorize sou Fòm I-94 Anrejistreman Arive/Depa w lan (kat blan oswa vèt yo kapab te klipse sou paspò ou lè ou te antre nan Etazini, oswa ou kapab telechaje sòti sou i94.cbp.dhs.gov), oswa si ou te antre Etazini ilegalman nan travèse fwontyè san enspeksyon oswa avèk fo dokiman, yo konsidere ou kòm “san estati” oswa san papyè. Si ou kite peyi an, ou pa gen dwa retounen sòf si ou ale nan yon Anbasad oswa Konsila Ameriken nan peyi dorijin ou epi fè demann viza. Peryòd kote ou te rete nan Etazini an pandan ou te “san estati” an rele prezans ilegal. Si ou gen plis pase 180 jou men mwens pase yon ane prezans ilegal epi ou kite Etazini, yo p ap kite ou jwenn viza pou retounen nan Etazini pandan twa ane. Si ou gen omwen yon ane prezans ilegal epi ou kite Etazini, y ap entèdi ou jwenn viza pandan dis lane. Bagay sa yo rele **entèdiksyon twa ane oswa dis ane yo poutèt prezans ilegal**. Menm si yo pa ba ou entèdiksyon twa ane oswa dis ane a, si ou te nan Etazini ilegalman epi ou kite, l ap siman difisil pou w jwenn viza pi devan poutèt w ap gen pou bay gouvènman ameriken an prèv w ap obeye kondisyon yon nouvo viza. Nan sèten sikonstans, ou gen dwa kapab mande yon “egzansyon” pou entèdiksyon twa ane oswa dis lane a alavans, anvan ou vwayaje. Chèche konsèy jiridik nan men yon avoka imigrasyon ki gen bon repitasyon ak eksperyans anvan ou kite Etazini.

Mwen toujou gen yon viza valid pou moun ki pa imigran nan paspò mwen, e viza a otorize mwen antre plizyè fwa. Èske mwen kapab sèvi avèk li pou retounen nan Etazini?

WI, men sèlman si ou gen estati kounye a. Sa vle di ou pa rete nan Etazini apre dat ki ekri sou Fòmilè I-94 Anrejistreman Arive/Depa w lan (kat blan oswa vèt yo kapab te klipse sou paspò ou lè ou te antre nan Etazini, oswa ou kapab telechaje sòti sou i94.cbp.dhs.gov). Si ou “san estati” ou PA kapab retounen nan Etazini sou viza w lan. Menm si se yon grenn jou ou te rete nan Etazini apre dat ki ekri sou I-94 la, viza w lan anile. W ap gen pou jwenn yon nouvo viza nan men Konsila Ameriken ki nan peyi dorijin ou an anvan ou kapab retounen nan Etazini (Nan sèten ka, ou kapab fè demann viza nan yon peyi ki pa peyi dorijin ou.) Règ entèdiksyon twa ane oswa dis ane a, ki dekrit pi wo a, gen dwa valab pou ou, dapre kantite tan ou te pase san estati an. Chèche konsèy jiridik nan men yon avoka imigrasyon ki gen bon repitasyon ak eksperyans anvan ou kite Etazini.

Mwen te vin Etazini sou viza tanporè e mwen gen yon demann pou pwolongasyon oswa pou chanjman estati ki poko fin regle ak DHS. Èske mwen ka kite Etazini epi retounen?

NON. Si ou kite Etazini pandan demann ou an poko fin regle, DHS ap konsidere ou wete oswa abandone demann ou an. Si ou bezwen kite peyi an annijans, ou ka mande DHS pou li akselere travay sou demann ou an. Ou ka rele DHS nan nimewo ki enprime sou resi w lan.

Mwen gen yon Demann Rektifikasyon Estati (Demann Alyennkat/Fòmilè I-485) ki poko fin regle. Èske mwen ka kite Etazini epi retounen?

SA DEPANN. Lè ou kite Etazini pandan rektifikasyon estati w lan poko fin regle (sòf si ou gen viza H-1B oswa L-1) sa ap jeneralman gen menm efè jiridik ak si ou wete oswa abandone demann ou an. Men anvan ou vwayaje, ou ka fè yon demann **Lesepase Tanporè (Advance Parole)** pou mande DHS otorizasyon kite Etazini. Lesepase Tanporè a se yon otorizasyon pou sèten moun ki pa sitwayen re-antre nan Etazini apre vwayaj aletranje. Si ou gen yon dokiman lesepase tanporè ki apwouve e ki pa ekspire, alòs yo p ap konsidere lè ou kite Etazini ke ou abandone demann rektifikasyon estati w lan. Chèche konsèy jiridik nan men yon avoka imigrasyon ki gen bon repitasyon ak eksperyans anvan ou kite Etazini.

Si mwen jwenn Lesepase Tanporè (Advance Parole), èske mwen gen garanti m ap ka re-antre nan Etazini?

NON. Lè yo ba ou Lesepase Tanporè sa **pa** anile okenn motif ki ta ka fè DHS nòmalman refize pou w re-antre nan Etazini. Si ou komèt nenpòt ki krim, oswa yo arete ou pou youn, oswa kondane ou pou youn, PA kite Etazini sou Lesepase Tanporè san ou pa chèche anvan sa konsèy jiridik nan men yon avoka imigrasyon ki gen bon repitasyon ak eksperyans. Menm si ou gen Lesepase Tanporè, DHS gen dwa refize pou w re-antre.

Mwen gen yon demann azil ki poko fin regle. Èske mwen ka kite Etazini epi retounen?

SA DEPANN. Si ou kite Etazini, DHS ap jeneralman konsidere ou wete oswa abandone demann azil ou a. Ou ka fè yon demann Lesepase Tanporè (Advance Parole) pou mande DHS otorizasyon kite Etazini, men sa pa garanti y ap kite ou retounen nan Etazini. Ou pa dwe vwayaje sou paspò peyi ou deklare yo t ap pèsekite ou ladan an. Epitou, si ou vwayaje nan peyi ou deklare y ap pèsekite ou ladan an, gen anpil chans pou USCIS refize demann azil ou a poutèt li gen dwa konkli ou pa pè retounen nan peyi sa a ankò. Chèche konsèy jiridik nan men yon avoka imigrasyon ki gen bon repitasyon ak eksperyans anvan ou kite Etazini.

Mwen se yon azile oswa mwen te jwenn estati rezidan pèmanan legal mwen apre mwen fin jwenn azil. Èske mwen ka vwayaje andeyò Etazini epi retounen?

WI, men sèlman si ou jwenn toudabò yon **Dokiman Vwayaj pou Refijye** nan men DHS.

Pa vwayaje sou paspò peyi ou deklare yo t ap pèsekite ou ladan an. Epitou, si ou vwayaje nan peyi ou te deklare y ap pèsekite ou ladan an, DHS gen dwa chèche anile azil ou a. Estati azile ki alabaz ou a gen dwa anile menm si ou deja vin rezidan pèmanan legal apre ou fin jwenn azil la, si ou vwayaje retounen nan peyi ou te deklare y ap pèsekite ou ladan an, si ou sèvi ak paspò peyi sa a, oswa si ou pwofite pwoteksyon peyi sa a kèlkeswa jan an. Chèche konsèy jiridik nan men yon avoka imigrasyon ki gen bon repitasyon ak eksperyans anvan ou kite Etazini.

Mwen gen Estati Non-Imigran U. Èske mwen ka kite Etazini epi retounen?

WI MEN NOU PA KONSEYE OU VWAYAJE. Si ou vwayaje andeyò Etazini apre apwobasyon U w lan men ou pa gen viza U valid nan paspò ou, ou dwe (a) fè demann pou yon nouvo viza U nan yon Konsila Ameriken aletranje pou jwenn otorizasyon retounen nan Etazini, epi (b) retounen anvan 90 jou oswa w ap pèdi kalifikasyon pou rektifikasyon estati (demann alyennkat). Si ou akimile plis pase 180 jou prezans ilegal anvan ou kite, w ap bezwen chèche yon egzansyon pou entèdiksyon twa ane oswa dis ane a anvan ou fè demann pou viza pou retounen nan Etazini. Chèche konsèy jiridik nan men yon avoka imigrasyon ki gen bon repitasyon ak eksperyans anvan ou kite Etazini.

M ap fè demann pou Estati Non-Imigran U, e demann mwen an poko fin regle. Èske mwen ka kite Etazini epi retounen?

WI MEN NOU PA KONSEYE OU VWAYAJE. Si ou vwayaje andeyò Etazini pandan demann pou estati non-imigran U w lan poko fin regle, e si apa sa ou pa gen otorizasyon pou antre nan Etazini, w ap gen pou rete deyò Etazini jiskaske yo apwouve viza U toutbon w lan, e li posib pou sa pran anpil ane apre ou fin kite, sòf si yo kite ou retounen sou kondisyon. Si ou te akimile plis pase 180 jou prezans ilegal anvan ou te kite, w ap gen pou chèche egzansyon pou entèdiksyon twa ane oswa dis ane a anvan ou vin kalifye pou retounen. Si ankèt/pwosè krim ki kalifye ou pou U a poko fini, lè ou kite Etazini sa ta ka gen konsekans tou sou kapasite ou pou kolabore avèk fòs de lòd yo; si ou p ap kolabore avèk fòs de lòd yo, yo gen dwa refize demann ou an. Chèche konsèy jiridik nan men yon avoka imigrasyon ki gen bon repitasyon ak eksperyans anvan ou kite Etazini.

Mwen gen Estati Non-Imigran T. Èske mwen ka kite Etazini epi retounen?

WI MEN NOU PA KONSEYE OU VWAYAJE. Si ou vwayaje andeyò Etazini apre apwobasyon T w lan men ou pa gen viza T valid nan paspò ou, ou dwe (a) fè demann pou yon viza T nan konsila ameriken an pou jwenn otorizasyon retounen nan Etazini, epi (b) retounen anvan 90 jou oswa w ap pèdi kalifikasyon pou rektifikasyon estati. Si ou te akimile plis pase 180 jou prezans ilegal anvan ou te kite, w ap gen pou chèche egzansyon pou entèdiksyon twa ane oswa dis ane a anvan ou vin kalifye pou retounen. Epitou, si ou retounen nan peyi dorijin ou, sa ta ka lakòz ou pèdi estati T w lan, poutèt ou te deklare nan demann pou T w lan ou t ap sibi trè gwo difikilte si ou ta retounen nan peyi dorijin ou. Chèche konsèy jiridik nan men yon avoka imigrasyon ki gen bon repitasyon ak eksperyans anvan ou kite Etazini.

M ap fè demann pou Eitati Non-Imigran T, e demann mwen an poko fin regle. Èske mwen ka kite Etazini epi retounen?

AN JENERAL NON. Si ou kite pandan viza T w lan poko fin regle, w ap pèdi kalifikasyon ou pou viza T a. Sèl eksepsyon ki ta kite ou retounen nan Etazini gen pou wè ak sitiwayon ou kòm viktim trafik.

Èske mwen ka vwayaje ale Pòtoriko, Gwanm, Zil Vyèj Ameriken, oswa nan Zil Maryàn Dinò yo?

PETÈT. Menm si Pòtoriko, Gwanm, Zil Vyèj Ameriken yo, ak Zil Maryàn Dino yo (“teritwa ameriken”) fè pati Etazini, vwayajè ki pa sitwayen ki sòti nan Etazini kontinantal pou ale nan kote sa yo kapab pase pwosesis egzamen ak ofisye imigrasyon ameriken menm jan ak vwayajè entènasyonal. (*Gade* INA § 212(d)(7) ak 8 CFR § 235.5.) Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè (Customs and Border Protection, CBP) fè “pre-enspeksyon” nan ayewopò teritwa ameriken an, pou decide si y ap kite vwayajè a re-antre nan Etazini kontinantal. Pwosesis “pre-enspeksyon” sa a jeneralman fèt yon fason trè enfòmèl, san èd reprezantan jiridik. Li gen dwa gen ladan ofisye CBP k ap poze kesyon sou estati imigrasyon, k ap egzaminen paspò, oswa k ap mennen vwayajè a nan yon zòn apa pou entèwogasyon pi detaye. Menm si moun ki pa sitwayen k ap vwayaje sòti nan teritwa ameriken sa a pou antre nan Etazini kontinantal la gen egzansyon pou kondisyon paspò ak viza vwayajè entènasyonal yo gen pou konfwonte, tout lòt motif inadmisibilite yo valab pou yo. (*Gade* INA § 212(d)(7) ak 22 § CFR 41.1(c)). Poutèt sa, vwayaj pou ale nan nenpòt nan teritwa ameriken sa yo sòti nan Etazini kontinantal kapab riske pou ni moun ki pa gen papye ni moun ki gen estati legal yo kapab depòte oswa jije inadmisib poutèt kondanasyon pou krim oswa lòt entèdiksyon pou re-antre. Chèche konsèy jiridik nan men yon avoka imigrasyon ki gen bon repitasyon ak eksperyans anvan ou vwayaje sòti nan Etazini kontinantal pou ale nan nenpòt nan teritwa sa yo.